

KONEKSYON

YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- VAKSINASYON COVID-19
- APLIKASYON MAGNET ANDEYÒ EPÒK ENSKRIPSYON AN
- KONFERANS PARAN-PWOFESÈ

Avril 2021

Biltèn 13 | NIMEWO 73 |

LÒD IJANS EVALYASYON EGZANPSYON POU GRADYASYON, PWOMOSYON KLAS AK FLEKSIBILITE ADISYONÈL POU ANE LEKÒL 2020-2021 LA



9 Avril 2021, Komisyonè Edikasyon Florid la, Richard Corcoran, te pibliye Lòd Ijans 2021-EO-02 ki bay fleksibilite pou distri lekòl nan tout eta Florid pou adrese tès evalyasyon elèv yo nan prentan 2021 an akòz difikilte pandemi an. Pami lòt sijè, lòd ijans lan adrese gradyasyon pou elèv dènye ane eskolè yo, pwomosyon elèv yo avèk desizyon pou elèv klas, ak prim bousetid 'Bright Future'.

Pou gide fanmi nan Lekòl Leta Miami-Dade County sou enplikasyon òdonans ijans lan, Distri nou an prepare kesyon ak repons sa yo.

1) Kijan Òdonans Ijans sa a afekte elèv ki pap gradye nan prentan 2021 yo?

Distri a rekòmande pou tout elèv patisipe nan evalyasyon leta yo pou asire plasman apwopriye nan klas yo ak dispozisyon pou sèvis sipò apwopriye. Lòd Ijans sa a sèlman bay fleksibilite konsènan kondisyon tès yo pou pwomosyon twazyèm ane ak pou elèv ki ap gradye nan prentan 2021 an. Kondisyon tès yo toujou

an plas pou tout lòt gwoup elèv ki ap gradye yo.

2) Ki konsekans si yon elèv twazyèm ane eskolè pa kapab pase 'Florida Standards Assessment' (Evalyasyon Estanda Florid) nan Lang Anglè (FSA ELA)? Èske l ap pase pou katriyèm ane?

Jan nou endike anwo a, Distri a rekòmande pou tout elèv patisipe nan evalyasyon eta a pou asire plasman apwopriye nan klas ak dispozisyon pou sèvis sipò apwopriye yo. Sepandan, si yon elèv twazyèm ane eskolè pa kapab pase evalyasyon eta a, Distri lekòl la ap itilize lòt evalyasyon oubyen metòd disponib pou administratè lekòl yo, tankou dosye travay elèv, pou detèmine si elèv la ka monte nan katriyèm ane eskolè. Daprè Dekrè Egzekitif la, yon elèv ka monte nan katriyèm ane si Distri a kapab detèmine yon elèv ap pèfòme omwen nan Nivo 2 nan evalyasyon 'ELA' a atravè pwosesis egzansyon pou bon kòz ki prevwa nan Règleman Florid 1008.25 oubyen

nenpòt lòt mwayen rezonab pou bay prèv sou pèfòmans elèv la.

3) Ki kritè yo pral itilize pou detèmine si yon elèv lekòl segondè ka gradye?

Elèv ki espere gradye nan prentan 2021 an kapab fè sa si yo satisfè tout kondisyon gradyasyon yo eksepte kondisyon tès yo (Evalyasyon Estanda Florid nan Lang Anglè 10yèm ane ak egzamen Fen Kou nan Aljèb I). Daprè Dekrè Egzekitif la, yon distri lekòl gen dwa refize evalyasyon eta a ki nesè pou gradyasyon, si distri a detèmine, nan ka ki patikilye, dosye lekòl segondè elèv la etabli yon nivo siksè konparab e satisfèzan. Elèv yo dwe kontakte konseye lekòl yo pou asire yo satisfè tout kondisyon gradyasyon yo.

4) Si yon elèv ap pran yon kou ane sa a ki gen yon Egzamen "End-of-Course (EOC)" (Egzamen Fen Kou) ki detèmine 30% nan nòt final kou a, ki konsekans si elèv la se pa kapab pran egzamen EOC a?

Pwomosyon klas ak nòt final pou kou ki gen yon EOC yo ap detèmine atravè pèfòmans elèv la nan kou an. Kondisyon 30% EOC la ap aplike nan dènye nòt yon elèv nan kou a sèlman si li AMELYORE dènye nòt elèv la. Sa a sèlman aplike nan kou elèv yo pase avèk siksè nan ane lekòl 2020-2021 la.

Pou yon lis konplè kesyon ak repons, vizite <https://bit.ly/3dfTguA>.

VAKSINASYON COVID-19 DISPONIB POU REZIDAN FLORID KI GEN LAJ 16 ANE E PLIS



Kòmanse lendi 5 avril, tout rezidan Florid ki gen laj 18 an e plis elijib pou resevwa nenpòt vaksen COVID-19 jan "Food and Drug Administration" (Administrasyon Manje ak Medikaman) otorize sa. Anplis, yo apwouve vaksen Pfizer kounye a pou moun ki gen 16 ak 17 an. Tout moun ki gen mwens pase 18 an e ki ap pran vaksen dwe akonpaye avèk yon adilt e li dwe ranpli fòm konsantman depistaj vaksen pou COVID-19 la. Pou telechaje yon kopi fòm nan, vizite

<https://floridahealthcovid19.gov/wp-content/uploads/2021/04/doh-covid-vaccine-screening-consent-form.pdf>. Malgre esè vaksen sou timoun ki gen laj 12 rive 15 ane montre yon to efikasite 100%, vaksen an poko disponib pou timoun ki gen mwens pase 16 ane.

Ogmantasyon elijibilite vaksen yo se bon nouvèl "Miami-Dade County Public Schools" (Lekòl Leta Miami-Dade County), ki kontinye bay sante ak byennèt elèv ak anplwaye li yo priyorite pandan pandemi COVID-19 la. Tout desizyon Distri a pran konsènan sekirite elèv yo, anplwaye ak kominote a baze sou rekòmandasyon syantifik ekspè sante piblik yo bay.

M-DCPS aktyèlman ap eksplòre posiblite pou vaksinasyon volontè pou elèv ki kalifye nan kèk sit nou chwazi, menm jan ak sit ki te ofri tès COVID-19 pou elèv ak anplwaye, ansanm ak efò vaksinasyon pou anplwaye yo.


Nou ankouraje paran/gadyen ak anplwaye yo vizite sit entènèt eta Florid la pou jwenn andwa vaksen yo nan <https://floridahealthcovid19.gov/vaccines/vaccine-locator/> pou dènye enfòmasyon ki disponib sou founisè vaksen yo. Pou kenbe kominote nou an an sekirite, nou mande pou w kontinye obsève pratik prevansyon COVID-19 yo, ki se kouvri vizaj, lave men regilyèman ak itilize dezenfektan pou men, ansanm ak distans sosyal lè li posib.

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

15 avril
Kòmansman Aplikasyon Magnet Andeyò Epòk Enskripsyon an

31 me
Obsèrans Jou Memoryal

APLIKASYON MAGNET ANDEYÒ EPÒK ENSKRIPSYON AN



M-DCPS ap pwomote kounye a Aplikasyon Magnet Andeyò Epòk Enskripsyon an atravè aplikasyon mobil 'Dadeschools' li a, sit entènèt, medya sosyal, sèvis radyo difizyon, ak anpil mesaj imèl. Pwosesis aplikasyon sa a ap kòmanse ofisyèlman jedi 15 avril 2021 e l ap rete louvri jiska kòmansman ane lekòl 2021-2022 a. Elèv yo dwe aplike e satisfè tout kritè elijibilite yo

pou yo admèt e aksepte yo sou baz sa ki aplike anvan yo ap jwenn sèvis anvan. Aksepte yon plas Andeyò Epòk Enskripsyon Magnet la pap afekte elèv ki deja sou yon lis atant nan yon lòt lekòl. W ap jwenn plis enfòmasyon ak lis plas Magnet ki disponib pou ane lekòl 2021-2022 a nan <http://offcycle.miamimagnet.com> oubyen lè w rele nan 305-995-1922.

PLAN PEYE DAVANS POU KOLÈJ NAN FLORID

Pandan ane ki sot pase a te pote anpil dout, sa ki sèten sèke genyen yon bonjan estrateji ki pèmèt paran ekonomize lajan pou kolèj ki kounye a pral ede piti ou ki pral gradye nan kolèj pou li evite tètchaje ki genyen lè elèv prete lajan pou peye kolèj. Lè sa gen pou wè ak ekonomize lajan pou kolèj, pi bonè yon fanmi kòmanse ekonomize, se mwens lajan l ap gen

pou peye pa mwa. Plan Peyè Davans pou Kolèj nan Florid te kòmanse peryòd anwolman anyèl li a avèk plan ki ofri frè eskolarite ki peye davans pou yon varyete bidjè. Avèk Plan Peyè Davans Florid la, fanmi ka bloke frè eskolarite y ap gen pou peye pou kolèj nan lavni. Peryòd enskripsyon an ouvri pou jiska 30 avril 2021 avèk plan ki kòmanse a \$45 pa mwa. Nou

ankouraje paran pou yo itilize zouti ki kalkile pri pou Plan Peyè Davans sou entènèt la pou eksplòre divès opsyon plan peman. Kòmanse planifye pou yon meyè avni lè w kòmanse ekonomize pou kolèj jodi a! Enskri jodi a lè w vizite <https://bit.ly/3ai1obu>. Itilize kòd MIAMI21 pou yon rabè \$25 jiska 30 avril.

Pandan n ap antre nan dènye peryòd nòt la, se yon bon moman pou w kontakte pwofesè pitit ou pou pwograme yon konferans paran-pwofesè e asire w pitit ou fini ane lekòl la yon fason ki solid. Ke pitit ou nan “My School Online” (Lekòl mwen sou Entènèt) oubyen nan modèl Building Lekòl la, li enpòtan pou gen yon entèraksyon ant lekòl la ak paran elèv la. Si ou pako pwograme yon konferans paran-pwofesè ane sa a, nou ankouraje ou pou w kontakte lekòl pitit ou a ansanm ak pwofesè li pou w ka fè sa nan semèn k ap vini yo. Avèk sèlman nèf semèn ki rete, pi bonè ou fè kontak la, se plis chans ou genyen pou w jwenn yon lè ki ap bon pou tout moun. Anba a w ap jwenn kèk konsèy pou asire reyinyon sa a reyisi.

Avan reyinyon an:

1. Fè yon konvèsasyon avèk pitit ou e mande li si li gen yon bagay li ta renmen ou diskite avèk pwofesè a.
2. Ale nan reyinyon an tou pare. Ekri nenpòt kesyon ou ta renmen poze pandan konferans la pou w ka byen itilize tan ou pral pase avèk pwofesè pitit ou a.
3. Si reyinyon an ap fèt sou entènèt oubyen pa telefòn, asire w ou nan yon pozisyon ki trankil kote ou ka pale ouvèman de pitit ou. Si ou sou Zoom, tcheke entènèt la pou asire

w li mache byen e mikwofòn/opalè yo travay byen. Si reyinyon an ap fèt an pèsòn, planifye pou w rive 10-15 minit alavans, pou w ka gen tan pou pake machin ou, tcheke prezans ou, yon fason pou nou ka kòmanse reyinyon an alè.

Pandan reyinyon an:

1. Kòmanse reyinyon an sou yon nòt pozitif. Petèt ou ka di pwofesè a yon bagay ou apresye lakay li ane sa a oubyen pataje avèk li yon kòmantè pitit ou fè sou li.
2. Rete sou sijè ou te prepare a e evite gran diskisyon konsènan sijè ki pa gen okenn rapò avèk objektif konferans la.
3. Koute sa pwofesè pitit ou a gen pou li di ou e montre ou gen yon espri ouvè konsènan nenpòt sijesyon li ta fè ou. Sèl sa yo bezwen se reyisit pitit ou e yo kapab ba ou konsèy ki kapab ede w sipòte pitit ou lè li nan kay la. Si reyinyon an pa pase jan ou te swete li, rete kalm. Evite reyaksyon ki ekspriye kòlè oubyen regrè. Olye de sa, mande pwofesè a egzanp avèk kesyon tankou:
 - “Kilè pwoblèm nan kòmanse e nan ki moman li rive?”
 - “Ki diferans ki genyen ant pèfòmans pitit mwen an ak pèfòmans lòt elèv nan klas la?”

4. Travay avèk pwofesè a pou devlope yon plan aksyon. Plan sa a dwe gen ladan etap ou ka pran lakay la ansanm ak sa pwofesè a ap pran nan lekòl la. Nan fen konferans la, montre apresyasyon pou reyinyon an, e mande yon suivi si l apwopriye. Mande pwofesè a kijan li ta renmen rete an kontak avèk ou; asire w ou genyen bonjan enfòmasyon sou kontak pwofesè a e li gen enfòmasyon pa w tou.

Aprè reyinyon an:

1. Fè yon konvèsasyon avèk pitit ou e di li sa nou te diskite, ni sa ki bon ni sa ki pa twò bon.
2. Si nou te adopte yon plan aksyon pandan reyinyon an, asire w pitit ou a konprann etap nou pral pran pou n reyalize plan sa a.
3. Voye yon mesaj remèsiman bay pwofesè pitit ou a e si nou te diskite sou yon plan suivi, enfòm li sou pwogre ou fè.

Sonje, ou menm ak pitit ou se manm enpòtan nan fanmi M-DCPS la. Nou kwè, bonjan entèraksyon ant paran ak pwofesè enpòtan anpil pou siksè akademik e sosyo-emosyonèl pitit ou. Pwofesè ak administrasyon lekòl pitit ou a vle tande w pou nou ka devlope yon patenarya ki solid.

SEMÈN PAPA ANN AKSYON E KÒM SIPÒ AK JOUNEN PAPA NAN EDIKASYON

Depi desanm 2014, “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) ap selebre papa ak moun ki jwe wòl papa, nan enpleman Jounen Papa nan Edikasyon ak Semèn Papa ann Aksyon e kòm Sipò. Ane sa a, Semèn Papa ann Aksyon e kòm Sipò a ap fèt soti 26 rive 30 avril 2021. Jounen Papa nan Edikasyon an ap fèt jedi 29 avril 2021.

Pandan semèn sa a e atravè ane lekòl la, nou ankouraje lekòl yo pou yo ogmante prezans gason ak ki jwe wòl

modèl e ki pozitif pou sipòte siksè akademik tout elèv nan envite anpil papa ansanm ak moun ki jwe wòl papa nan salklas yo. Akòz pandemi COVID-19 la, selebrasyon ane sa a ap fèt sou entènèt.

Nou ankouraje lekòl ak manm kominote a pou yo vin patisipe nan Jounen Defi “Fathers in Education (FIE)” (Papa nan Edikasyon) jedi 29 avril 2021, nan patisipe atravè medya sosyal. Nou envite lekòl, pwofesè, direktè lekòl, ak manm kominote a

pou yo poste yon foto oubyen yon videyo kote y ap li liv yo pi renmen an avèk #MDCPSFIECHALLENGE ak #MDCPSDad e pou yo bay lòt papa defi pou fè menm bagay la.

Nan patenarya avèk ‘Fatherhood Task Force of South Florida’ ak Akademi Paran nan M-DCPS, ap gen atelye sou entènèt chak jou, soti 26 avril rive 30 avril. Nou ka jwenn pwogram nan nan <https://www.engagemiamidade.net/fathersineducationday>.



"Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) an patenarya avèk Sistèm Sante University of Miami, anonse lòt dat pou tès COVID-19 gratis ki ap disponib pou tout timoun, laj 4-18 ane nan Miami-Dade County. Tès yo ap fèt atravè Inite Mobil Sistèm Sante

Pedyatri a, ki pral disponib nan divès paking lekòl pandan tout mwa a.

Yon paran/gadyen dwe akonpaye timoun nan pou li teste; yo pa bezwen gen yon idantifikasyon. Nou ap resevwa yo menmsi pa te gen yon randevou, men nou ankouraje pou yo

fè randevou. Mete yon randevou nan rele 305-243-2059.

Ap gen lòt dat pou tès ki pral disponib trè pwochènman.

Men dat ak andwa pou inite mobil tès la, ki ap fèt kòmanse 3:00 – 5:00 nan aprèmidi.

21 avril	iTech @ Thomas A. Edison Educational Center	6101 N.W. 2nd Avenue Miami, FL 33127
22 avril	Coral Reef Senior High School	10101 S.W. 152nd Street Miami, FL 33157
28 avril	J.C. Bermudez Doral Senior High School	5005 N.W. 112th Avenue Doral, FL 33178
29 avril	North Miami Beach Senior High School	1247 N.E. 167th Street N. Miami Beach, FL 33162

KOMISYON KONSÈY LEKÒL

21 avril - 10:00 dimaten
Sesyon Konferans: Zòn Prezans pou 2021-2022

21 avril - 11:00 dimaten
Reyinyon Regilye
(Lekti Inisyal-Zòn Prezans pou 2021-2022)

28 avril - 12:00 nan aprèmidi
Atelye Komisyon Konsèy Lekòl

19 me - 11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

TI KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN

Konekte avèk Lòt Fanmi

<https://bit.ly/3fSy9AB>

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@EscuelasMDCPS
@MiamiSup




@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools



www.dadeschools.net

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann	Mari Tere Rojas
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmann	Luisa Santos
Lucia Baez-Geller	Alberto M. Carvalho
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall	Sipèentandan Lekòl yo
Christi Fraga	Maria Martinez
Doktè Lubby Navarro	Konsèye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la
Doktè Marta Pérez	

Pwodiksyon Biwo Kominikasyon ak Angajman Kominotè anba direksyon Daisy Gonzalez-Diego